РЦИ-Аланийы Ærыдоны районы газет / Газета Ардонского района РСО-Алания

ardon_ruhsh

# Рухс свет

ГАЗЕТА ОСНОВАНА В 1939 ГОДУ

2020 АЗЫ 12 МАРТЪИ ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ ЦЫППÆРÆМ

12 МАРТА 2020 ГОДА ЧЕТВЕРГ

№ 25 (11830)

ЗНАК ВНИМАНИЯ



## Цветы от Главы

*В преддверии Международного женского дня прекрасную половину Ардонского района поздравил Глава Северной Осетии **Вячеслав Битаров.***

*От его имени в центре Ардона 7 марта прохожим — представительницам женского пола, с пожеланиями мира, добра и любви вручали букеты цветов и памятные открытки волонтеры Российского движения школьников.*

*Тронутые вниманием, те, в свою очередь, выражали признательность.*

***Соб. инф.***

НАВСТРЕЧУ ЮБИЛЕЮ

## МИЧУРИНЦЫ ГОТОВЯТСЯ К ПРАЗДНИКУ



***В целях сохранения исторической памяти и в ознаменование 75-летия Победы в Великой Отечественной войне 2020-й год указом президента России В.В.ПУТИНА объявлен Годом памяти и славы.***

***В селении Мичурино к празднованию священной даты готовятся основательно. По словам главы села Эрика ГАППОЕВА, отмечать подобные праздники необходимо не просто достойно, а с трепетом, пониманием и осознанием смысла значимого для всего народа дня, тех лет, которые сыграли важную роль в жизни каждого из нас, в судьбе целой страны.***

В первую очередь, конечно, намечается проведение культурно-массовых мероприятий, в которых будут задействованы люди разных поколений, торжественное чествование тех, кто сутками без устали трудился в тылу, приближал победу день за днем. Почтут память и тех, кто навечно остался молодым, защищая свой народ, свою Родину от фашистских захватчиков.

С приходом теплых весенних дней в должный порядок приводятся два памятника неизвестным солдатам, которые находятся на территории школы и сельского кладбища. Благоустроят также памятник мичуринцам, погибшим в годы ВОВ. Уже сейчас регулярно проводятся субботники, на которых молодежь убирает скопившийся за зиму мусор на окраинах села. Ведь, как считают мичуринцы, содержать территорию сельского поселения в чистоте – прямая обязанность его жителей.

**Ирина ДЗУГКОЕВА.**

НÆ ТРАДИЦИТÆ

## ХОРЫ БОН



***Уалдзыгон фæлмæн хур йæ зæлдаг тынтæ зæххыл тауы. Æрдз райхъал, базмæлыд. Нæ фыдæлтæ ацы рæстæгмæ уæлдай æхсызгонæй, зæрдиагдæрæй æнхъæлмæ кастысты. Уымæн æмæ зæхкусæджы ныфсытæ баст сты уалдзыгон-быдырон куыстытимæ. Цæмæй уыдон æнтысдджынæй æмæ зæрдæйы фæндиаг ацæуой, уый тыххæй сæ райдайæны агъоммæ нæ фыдæлтæ бæрæг кодтой кадджын хъæууонхæдзарадон бæрæгбон – Хоры бон.***



Йæ хъуыды баст у хъæздыг хорæрзадимæ, рæсугъд фидæнимæ. Уымæн æй хуыдтой ныфсæвæрæн, Зæхмæ бавналæн æмæ Нæмыгхæссæн бон дæр. Бæрæгбон вæййы æртхъирæн мæйы дыккаг дыццæджы. Стыр Хуыцаумæ, йе сконд зæдтæм æмæ дауджытæм куывтой, цæмæй сын æххуысгæнæг уой сæ уалдзыгон куыстыты, мæры цы хоры гага ныппарой, уый тыллæгæй хъæздыг бæркад бафснайой сæ хуымтæй. Фидæны хорæрзадыл хъуыды кæнгæйæ, се скаст фылдæр уыд хоры, арвнæрды бардуаг Хоры Уацилламæ, ууыл рагацау фæдзæхстой сæ фыдæбон, табугæнгæ йæм куывтой сыхты куывдты, стæй хи хæдзæртты.

Абон дæр нæ фыдæлты рæсугъд æгъдæуттæ рох не сты. Ирыстоны горæтты æмæ хъæуты сбæрæг кодтой Хоры бон. Æрыдоны Сæрибардзинады, Островский æмæ Морозовы — фырты уынджы цæрджытæ скодтой иумæйаг куывд. Ацы аз сыхы фысымтæ уыдысты **Багдасаров Вачоган** æмæ **Хацырты Сергей**. Нæлгоймæгтæ, бæркадарм æфсинтæ, сывæллæттæ, лæппуфæсивæд æрбамбырд сты бæрæг афонмæ æмæ цардæфсæстхуызæй, хъæлдзæгæй æрбадтысты бæркадджын фынгты уæлхъус. Фылдæр æрцæттæ кодтой кæсагæй алыхуызон хæринæгтæ. Сыхы урссæр хистæртæ **Багаты Валерий, Сихъоты Къола** æмæ **Дзыгасты Сергей** сæ ракуывды ссардтой Стыр Хуыцауы ном, хъæубæсты, сыхбæсты бафæдзæхстой **Лæгты Дзуарыл.** Уый фæстæ скуывтой Уацилламæ:

— Уацилла, хоры бæркаддæттæг дæ æмæ уалдзæджы нæ зæххы риуы цы нæмыг ныппарæм, уый нын хорз тыллæг куыд радта. Нæ фæтæн хуымтыл кæддæриддæр сыгъзæрин хуры рæхыстæ куыд тауай, ахæм арфæ нæ уæд. Фæлмæн къæвдатæ нæ хоры бæркæдтыл æруадз, их æмæ фыддымгæтæй нæ бæркæдтæ бахиз, афтæмæй нæ дæ хорзæх уæд. Нæ хидгуысты бæркадæй чындзæхсæвтæ, чызгæрвыстытæ, ноггуырд æмæ цины куывдтыты дын дæ ном куыд арæм, ахæм арфæ нын ракæн.

Уыцы ракуывды кæрон Багаты Валерий йæ алыварс цы рæсугъд фæсивæд æрбалæууыд, уыдонмæ бадзырдта:

— Цы курут , лæппутæ?

Уыдон æмхуызонæй, хъæрæй æртæ хатты сфæлхат кодтой:

— Хор, хор хор! Хоры Уациллайæ хор курæм!

Уыцы бон адæм Хуыцау æмæ зæдтæй цы куырдтой, фидæнмæ цы хорздзинæдтæм æнхъæлмæ кæсынц, уыдон сыл рæсугъдæй æрцæуæнт!

**ДЖАНАЙТЫ Маринæ.**

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦИЯ

## ВЫБОР ВЫСОКОЙ ПОЛИТИЧЕСКОЙ ЗНАЧИМОСТИ

***В Центризбиркоме республики состоялась пресс-конференция, посвященная началу подготовки к общероссийскому голосованию по поправкам в Конституцию страны.***

Председатель Центризбиркома **Жанна Моргоева** напомнила журналистам, что дата голосования предложена на 22 апреля. Голосование по поправкам будет проводиться пакетом, то есть их можно будет либо принять все, либо все отвергнуть.

Подготовку и проведение голосования Президент России **Владимир Путин** возложил на органы избирательной системы страны. При этом председатель подчеркнула, что голосование не является референдумом и частью избирательного процесса. Это принципиально новая форма народного волеизъявления, граждане являются не избирателями, а участниками голосования, и проводится оно в особом порядке.

Тем не менее новая форма волеизъявления во многом совпадает с привычным избирательным голосованием, поэтому его проведение и возложено на существующую систему избиркомов страны. В республике готовить и проводить голосование будут избиркомы на 338 постоянных участках для





голосования и на 25 временных – в больницах, на вокзалах и так далее, а также через систему "Мобильный избиратель".

Правда, есть в порядке проведения голосования ряд отличий по сравнению с обычными выборами. Так, вместо агитационного периода будет проводиться широкая информационная кампания по разъяснению сути поправок и порядку голосования. Ее будут проводить тысяча агитаторов и не меньше волонтеров.

Проголосовать можно будет досрочно, начиная за три дня до 22 апреля, на постоянных участках и на дому, а заявки на досрочное голосование можно будет подавать уже за месяц до этого дня. Это можно сделать не только на своем избирательном участке, но и через МФЦ и портал госуслуг.

Обеспечивать соблюдение законности и всех процедур голосования помимо членов избирательной системы будут свыше 2 тысяч наблюдателей от шести политических партий и общественных палат. На всех участках для голосования граждане смогут ознакомиться с текстами Конституции страны и поправок к ней.

Председатель ЦИКа также заметила, что хотя порядок голосования по поправкам в Конституцию и схож с голосованием на выборах депутатов и референдуме, он все же отличается от них. В связи с этим ЦИКу предстоит провести масштабное переобучение членов избиркомов и наблюдателей, а также вести широкую разъяснительную работу с участниками голосования в СМИ. Первый семинар – с председателями территориальных избиркомов – состоится уже завтра, 12 марта.

Подводя итог пресс-конференции, Жанна Моргоева отметила высокую политическую значимость для судьбы страны выбора, который всем нам предстоит сделать 22 апреля. Это также объясняет то, что и подготовка голосования, ход и явка его участников в течение всего дня будут широко освещаться республиканскими СМИ.

**"СО".**

ПОДПИШИТЕСЬ НА РАЙОНКУ И ПОЛУЧАЙТЕ ЕЕ С АПРЕЛЯ!

ПОГОДА

| ПЯТНИЦА | | СУББОТА | |
|---|---|---|---|
| День | Ночь | День | Ночь |
| +19 | +6 | +19 | +7 |

Прогноз взят из Интернета.

УÆЛАХИЗЫ 75 АЗЫ БОНМÆ

# СГУЫХТДЗИНÆДТÆ РАВДЫСТОЙ

**9 майы нæ бæстæйы цæрджытæ дунейы рæстзæрдæ адæмтимæ иумæ сбæрæг кæндзысты нæ домбай бирæнацион Советон Цæдисы адæмты иумæйаг цытджын Уæлахизы бон. Цас фæнды азтæ куы рацæуа, уæддæр уыцы бон дзыллæйы азфысты баззайдзæн æппæты ахсджиагдæр æмæ сæйрагдæр цауæй, æнæбасæттæ лæгдзинад æмæ фæразондзинады, Фыдыбæстæмæ уарзты æмæ йыл иузæрдион уæвыны нысанæй. Мах хæсджын стæм, йæ царды аргъæй дуне чи фервæзын кодта, махæн, кæстæр фæлтæрæн, сыгъдæг арвы бын цæрыны, кусыны, сабитæ хъомыл кæныны фадат чи радта, уыдоны раз. Уырны мæ, нæ республикæйы ахæм бинонтæ, ахæм хæдзар нæ баззайдзæн, нæ хæстонты, сæ хъæбатырдзинадæн стыр аргъ кæнгæйæ, кæм не ʻрхъуыды кæндзысты. Уымæн æмæ хæст нæ бацауæрзта Ирыстоны дæр. Ахæм хъæу, ахæм мыггаг нæ уыд, йæ сау базырæй кæй нæ басыгъта.**

9 майы "Æнæмæлгæ полчъы" хъæбатырты къамтæ æрвылаз чи рахæссы, уыцы дзыллæйы æхсæн уыдзысты центрон библиотекæйы кусæг **Хъæлаты-Хъесаты Ларисæ** йæ бинонтимæ. Уыцы бæрæгбон Ларисæйæн у æппæты сæйрагдæр æмæ уарзондæр. Уымæн æмæ Цытджын Уæлахизы бон хæстæгдæр чи кодта, уыдоны æхсæн уыдысты йæ фыд **Хъесаты Руслан**, йæ хуæргом хæдзары цы хистæртæ баййæфта, уыдон — **Хъæлаты Тимофей** æмæ **Нина**. Уыдонæй кæд абон цардæгас ничиуал у, уæддæр сæ рухс нæмттæ цæрынц сæ бинонты, мыггаджы æмæ сæ чи зыдта, уыдоны зæрдæты. Цы арф фæд ныууагътой царды, уый нæ комы сафын æнусты цалхæн.



Хъесаты Матвейы фырт Руслан.

Ирон лæджы ном кад æмæ радимæ хæссын кæй къухы бафтыд, уыдонæй иу у **Хъесаты Матвейы фырт Руслан.** Уый райгуырд 1924 азы Захъайы. Фæстæдæр бинонтæ хуызгдæр цардагур былырмæ ралыгъдысты æмæ æрцардысты Къостайыхъæуы. Ам, 1941 азы, Руслан бынæттон скъола каст фæци, æмæ йæм фæсидтысты æфсады рæнхъытæм. Уырдыгæй æрвыст æрцыд Орджоникидзейы бастдзинады æфсæддон училищемæ, фæлæ йæ кæронмæ ахæццæ кæнын йæ къухы бафтыд æрмæст карз тохты йæ удыхъæд куы бахсыст, уæд. Знаг горæт Ростов-на-Дону-йыл йæ зынг куы ныккалдта, бæстæ пиллон арт куы фестад, уæд уыцы уæззау тохты архайдта Руслан дæр. Байстой фæстæмæ фашисттæй горæт, лæгмартæ та Матвеевы обаумæ æппæрст æрцыдысты.

Руслан училище каст куы фæци, уæд æрвыст æрцыд Украинаг 4-æм фронтмæ, 162 æхсæн полчъы рæнхъытæм, йæ бæрны йын радиовзвод бакодтой. Мæлæт иу æмæ дыууæ хатты нæ каст Русланы цæстытæм. Горæд Никополь уæгъдгæнгæйæ бацайдагъ сты тугуарæн тохтæ. Руслан уый фæстæ куыд мысыд, афтæмæй йæхицæн загъта: "Кæд мæлон, уæд коммунистæй". Курдиаты фæдыл цыбыр æмбырд скодтой, æмæ йæ партийы уæнгтæ æмзæрдæйæ сæ рæнхъытæм айстой. Никополь фашисттæй уæгъдгонд æрцыд. Дарддæр сæ ахизын бахъуыд Днепры сæрты. Æхсæвыгон Руслан йæ хæстонтимæ радиостанцæимæ бахызтысты Днепры фаллаг фарсмæ, фæлæ радиостанцæ кæмæн баргонд уыд, уый бын их ныттыдта, Руслан æм батахт, йæ рон æм баппæрста, фæлæ йæхæдæг дæр фæдæлдон. Тыхтæй-амæлттæй сæ се ʻмбæлттæ фервæзын кодтой иxджын донæй. Боны цъæхты дивизийы штабмæ æрбайхъуыст Русланы хъæлæс: "Хъусут координаттæм…" Сæ куыст райдыдтой нæ сармадзантæ. Дæрæнгонд æрцыдысты скълæдтæ, техникæ. Сæххæст кодтой сæ хæслæвæрд: "Плацдарм бацахсын æмæ фидар фæлæууын". Уыцы сгуыхтдзинады тыххæй Русланæн лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дыккаг къæпхæны орден. Белоруссийы горæттæ ссæрибар кæнынмæ хæстыты хъæбатырдзинад кæй равдыста, уый тыххæй не ʻмзæххоны риуыл сæрттывта Сырх Стъалыйы орден. Бресты цур цы карз тохтæ бацайдагъ, уыдон уæззау фæд ныууагътой Русланы æнæниздзинадыл — уæд фæцæф и. Уым сæ полкъ æвдай километры бацыд знаджы чъылдыммæ. Æнæнхъæлæджы иу куы кæм февзæрдысты, куы кæм. Фашисттæ удаист фесты, сæ бон бамбарын нæ уыд, сæ чъылдыммæ цавæр æмæ цас æфсæддон хæйттæ архайы, уый, æмæ лидзæг фесты. Руслан дарддæр йæ хæстон æмбæлттимæ цадæггай уæгъд кодтой сæ райгуырæн зæхх. Знаг дæрæнгонд æрцыд йæ лæгæты. Фæцис хæст, фæлæ Русланы йе ʻфсæддон хæс кæронмæ хаста. Йе ʻмбæлттимæ уæгъд кодтой Чехословакийы зæххытæ.

1946 азы Хъесаты хæстон сæрæгасæй, бирæ хæрзиуджытимæ, сыздæхт, йæ удæй фылдæр цы хъæубæстæ уарзта, уырдæм. Хæствæллад лæг йæхицæн нæ саккаг кодта улæфты рæстæг, фæлæ та дысвæлдæхтæй бавнæлдта хæсты фæстиуджытæ иуварс кæнынмæ. Фæлæ йæ зæрдæ ахуырмæ æхсайдта, æмæ бацыд Хъæууонхæдзарадон институтмæ. Каст æй фæцис сырх дипломимæ. Кæд ын аспирантурæмæ бацæуыны фадат лæвæрдтой, уæддæр равзæрста практикон куыст. Цалдæр азы фæстæ ссис Æрыдоны хъæууонхæдзарадон управленийы сæйраг зоотехник. Йæ удæуæлдай архайд æмæ адæмæн æнæхин лæггад кæныны тыххæй йын саккаг кодтой фыццаг Цæгат Ирыстоны, уый фæстæ та Уæрæсейы сгуыхт зоотехникы кадджын ном, хорзæхджын æрцыд орден "Знак почета"-йæ. Пенсийы куы рацыд, уæд та бирæ азты дæргъы кодта æхсæнадон куыст, лæууыд ветеранты Советы сæргъы. Ам дæр та йæхиуыл, йæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, хъæппæрисджынæй æххæст кодта йæ хæстæ.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ бинонты царды дæр Руслан равдыста сгуыхтдзинад. Йæ фæрныг хæдзармæ йæ фæдыл æрбакъахдзæф кодта, утæппæт чызджыты ʻхсæн кæй равзæрста, уыцы чызг — уæздан æмæ æгъдауджын **Айдарты Кирæ**. Æрыгон бинонтæм цард йæ мидбылты худти. Мады зæд сын балæвар кодта дыууæ чызджы. Фæлæ хъысмæтæн цы загъдæуа, бирæ нæ ахаста сæ амонд. Кирæ фæндаггон фыдбылызы бахауд æмæ цæстæй нал суыдта. Хъысмæт ын йæ хъæбултæ куыд рæзынц, уыцы амонд фенyны бар нал радта, нал федта йæ уарзон адæймаджы рæвдаугæ цæстæнгас. Сывæллæтты хъомыл кæныны æмæ рынчын адæймагмæ кæсыны уæз иууылдæр æрцыд Русланы уæхсчытыл, кæд бæрнон бынæтты куыста, уæддæр. Зын ын куыд нæ уыд, фæлæ нæ фенкъуысыд, никуы йæм æрцыд йæ цард фенцондæр кæныны хъуыды. Уымæн æмæ уыд адæймаджы хуызæр миниуджытæй се ʻппæтæй дæр хайджын чи у, ахæм æцæг ирон лæг. Æрдзæй йын лæвæрд уыд лæгдзинад æмæ куырыхон зондахаст. Йæ цард рауад мидисджын æмæ фæзминаг…



Хъуылаты Харитъоны чызг Нинæ.

Цыфыддæр знаджы ныхмæ Æрыдонæй цы цардбæллон фæсивæд ацыд, уыдонимæ уыд **Хъуылаты Харитъоны чызг Нинæ.** Уæздан, хæрзаив чызг, сидзæрæй схъомыл йæ фыдыфсымæры хæдзары. Ахуырмæ зæрдæргъæвд, æнæзивæг Нинæ 1942 азы райста дæндæгты дохтыры дæснийад. Фæлæ Фыдыбæстæйы Стыр хæст æнæнхъæлæджы куы ныннæрыд, уæд бирæтæн сæ фæндтæ сызмæста. Знаг бырста размæ, сыгъта горæттæ, хъæутæ, быдырты бæркад, нæ ауæрста сывæллæттыл, зæрædтыл. Архайдта Кавказ æмæ Фæскавказ бацахсыныл. Нинæ йе ʻмгар чызджытæ **Хъуылаты Надя, Фридæ** æмæ **Зинæ, Мсойты Лизæ** æмæ **Тамарæ, Айларты Надяимæ** æрлæууыдысты Фыдыбæстæ хъæхъхъæнджыты æмрæнхъ, скодтой хæстон дарæс. Нинæ бирæ азты фæстæ худгæйæ мысыд, сæ формæ сын тынг даргъ æмæ уæрæх кæй уыдис, æвналын та йæм нæ уагътой, æмæ кæрæдзиуыл худтысты.

Фыццаг сæ арвыстой Бакумæ, уырдыгæй та Махачкаламæ. Уым фесты радисты курсытæ, æртæ мæйы та сæ цæттæ кодтой медицинон хоты дæснийадыл. Ахуыр сæ кодтой хæцæнгарзæй æхсын дæр, "Ворошиловский стрелок" кæй хонынц, уыцы курсыты. Нинæ æхсынмæ афтæ тынг арæхст, æмæ мæскуыйаг политрук дисгæнгæйæ бафарста, ацы чызг кæцон у, зæгъгæ.

Цæмæй йæ йе ʻмбал — чызджытимæ ма фæхицæн кæной, уый тыххæй басусæг кодта дæндæгты дохтыр кæй у, уый. Фæлæ уæддæр рабæрæг, æмæ йæ санитарон хайады ныууагътой. Денджызы тæккæ цур уыдис сæ полкъ. Былмæ-иу наутыл ластой хæсты быдырæй цæф адæмы. Нинæ æмæ йе ʻмбæлттæ та сæ госпитæлтæм. Бирæ зындзинæдтæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрстой, фæлæ знагæн басæттын нæ бакуымдтой. Фыдгæнджытæ карзæй æфхæрд кæй æрцыдысты, уым уыд Хъуылаты Нинæ æмæ иннæ æрыгон чызджыты бавæрæн дæр. Нинæ сыздæхт хъæумæ, йæ риуыл цæхæртæ калдтой йæ хæрзиуджытæ - "Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дыккаг къæпхæны орден", "За оборону Кавказа" æмæ "За победу над Германией"-йы майдантæ, лæвæрд ын æрцыд кадджын ном "Отличник санитарной службы".

1947 азы йæ дæснийадыл кусын райдыдта. Æрыдоны хистæр фæлтæрæй ахæм адæймаг стæм разындзæн, кæмæн нæ баххуыс кодта. Йæ фæллойы рæстæг схызт 50 азмæ.

Кад æмæ фарнимæ фæцард Хъæлаты мыггаджы. Йæ цардæмбал Тимофеимæ схъомыл кодтой рæсугъд кæстæртæ, кæцытæ сæ ныййарджыты фарн царды дарддæр хæссын фæразынц.

**Хъæлаты Тимофейы (Бобола)** Æрыдоны хистæр кары адæмæй чи нæ зоны ахæм нæ разындзæн. Хæсты ветеран, партийы райкомы секретарь, скъолайæн дæсны разамонæг, курдиатджын хъомылгæнæг, Тимофей у сыгъзæрин дамгъæтæй Æрыдоны историйы кæй ном ис фыссæн, ахæм адæймаг. Уый райгуырд 1910 азы Æрыдоны. Темырболат, аргъуыдмæ гæсгæ Тимофей, ахуыр кодта Æрыдоны семинарийы быныдурыл цы скъола байгом, уым. Фæскомцæдисы уæнг, æхсæнады зынгзæрдæ архайæг, Тимофей алы ран дæр уыд раззæгтимæ. Йæхæдæг ахуырыл уыд тынг æнувыд æмæ йæ фæндыд, цæмæй йæ алыварс чи цæры, уыдон иууылдæр зонындзинæдтæм тырной. Уыцы рæстæджы бирæ уыд æнæахуыргонд адæм, æмæ сæ Тимофей, йæхæдæг скъоладзау уæвгæйæ, изæрыгæтты кæсын æмæ фыссын ахуыр кодта. Кæд æрыгон уыд, уæддæр йæ ныхасы уыд уæз, æмæ йын уымæ гæсгæ хицауад бабар кодта рухстауæн куыст кæнын. Фæскомцæдисон хъæуы цæрджытæн æмбарын кодта ног,



Хъæлаты Сосланы фырт Тимофей (Бобола).

сæрибар царды хъæздыгдзинад, колхозтæ мæгуыр адæмæн пайда кæй сты, уыдæттæ.

Хъæлаты лæппу бауарзта ахуыргæнæджы дæсныйад æмæ скъолайы фæстæ йæ ахуыр адарддæр кодта Мæскуыйы К.Либкнехты номыл индустриалон-педагогон институты. Тимофей йæ бинонты уæззау уавæр зыдта, æмæ сæм æххуысмæ не ʻнхъæлмæ каст, фæлæ ахуыры фæстæ кæм репетиторæй куыста, кæм вагæттæ æвдæлон кодта, фæстæдæр, практикæ цы скъолайы цыд, уым кусын райдыдта. Зæрдæргъæвд, курдиатджын лæппуйыл институты разамынд сæ цæст æрæвæрдтой æмæ йын аспирантурæйы бынат æрцæттæ кодтой, фæлæ уыцы рæстæг йæ фыд, бинонты дарæг, амард, æмæ Тимофей йæ райгуырæн хъæумæ сыздæхт. Йæхæдæг цы скъола каст фæцис, уым математикæйы ахуыргæнæгæй кусын райдыдта, æмæ дзы 1937 азы нысангонд æрцыд директорæй. Уыцы рæстæджы ахуыргонд адæмæн гуырысхойаг нæ уыд, хæст кæй райдайдзæн,уый. Æмæ цæмæй бахъуыды афон пайда æрхасса йæ Райгуырæн бæстæйæн, уый тыххæй фæсаууонмæ бацыд Мæскуыйы автомеханикон институтмæ. Уыцы иу рæстæджы куыста 434 астæуккаг скъолайы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Тимофейы иузæрдиондзинад йæ Райгуырæн бæстæйыл ноджы ирддæрæй разынд. Æвирхъау хæсты быдыры нæ равдыста тæппуддзинад. Цыд тæссаг æмæ гуыргъахъ фæндæгтыл 108 æхсæн дивизийы рæгъты. Уыд сгарджыты взводы командир, штабы æмæ артиллерион дивизийы хицау. Хæстæн йæ тæккæ цæхæры йе ʻмбæлттимæ дæрæн кодта фашистон æрдонгты, цалдæр хатты уæззау цæфтæ дæр фæци.

Никуы уарзта Тимофей хæсты хабæрттæ дзурын, йæ царды кæронмæ йæ зæрдæйы фæхаста уыцы æгæрон рис. Йæхицæй хуыздæр ын йе сгуыхтдзинæдтыл радзырдтой йæ хæрзиуджытæ: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 1-аг æмæ 2-аг къæпхæнты ордентæ, майдантæ "За оборону Москвы", "За освобождение Варшавы", "За взятие Берлина".

Хæсты фæстæ Тимофей йæ равзæрст фæндагыл дарддæр ацыд. Йæ цард снывонд кодта рæзгæ фæлтæры хъомыладæн. Æрыдоны 2-æм скъолайы директор уæвгæйæ, цы арæхстдзинад, сгуыхтдзинæдтæ равдыста, уыдон сты хицæн чиныджы аккаг.

**СИХЪОТЫ Маринæ.**

ФИППАИНАГ

# ФЫЛДÆР ÆРГОМ — ИРОН ÆВЗАГМÆ

**Алы нацийæн дæр йæ тых сты йе 'взаг æмæ йе 'гъдæуттæ. Цы адæм архайдтой æмæ архайынц уыцы хъæздыгдзинæдтæ бахъахъхъæнынил, уыдонæн ис фидар историон бындзæфхад æмæ рухс фидæн.**

Мæн дæр фæнды нæхи мадæлон (ирон) æвзаджы хъысмæтыл æрдзурын. Не 'взаг хъæздыг æмæ рæсугъд у. Йæхимæ æрыхъусын кæны стыр ахуыргæндты дæр. Уæлдай диссагдæр та не 'гъдæуттæ сты. Цы адæмы зæрдæтæм не ссарынц фæндаг æмæ стыр тæлмæнтæ кæуыл нæ ныууадзынц, ахæмтæ нæй. Фæлæ, хъыгагæн, бонæй-бонмæ уыцы диссаджы хæзнатæ нæ къухтæй ирвæзынц. Бирæ хатт ныфсджынæй фæзæгъæм, ирон æвзаг никуы фесæфдзæн, зæгъгæ. Фæлæ уыдон ныфсæвæрæн ныхæстæ сты. Адæм се 'взагыл куы нæ уал фæдзурынц, уæд æвзаг мæлгæ кæны, йемæ иумæ наци дæр сæфы, æгъдæуттæй та фæд дæр нал аззайы.

Мах, ирон адæм, не 'взагыл куыд æмбæлы, афтæ нæ кусæм. Къаддæрæй-къаддæр кæнынц нæ национ æвзагыл дзурджытæ. Раст зæгъгæйæ, уым æхсæнадон фæтк æвæрды аххосæгтæ дæр ис, фæлæ фылдæр аххосджын та нæхæдæг стæм, хистæр кары адæм. Адæймаг йæ мадæлон æвзаг хъуамæ ахуыр кæна йæ гыццылæй фæстæмæ. Уыцы хъуыддаджы архайджытæ вæййынц ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджытæ. Уыдон хъуамæ сæрысуангæй кæстæртæм уарзондзинад æвзæрын кæной се 'взаг æмæ се 'гъдæуттæм. Нæ фæсивæд æфсæрмыма хъуамæ кæной се 'взагыл дзурын, фæлæ дзы кæмфæнды дæр сæрыстыр уой.



Нæ алыварс адæмтæ архайынц алы уавæртæй дæр се 'взаг сфидардæр кæнынил. Сæ документаци у сæхи æвзагыл. Уæд мах цы хъыгдары, цæмæй документты уырыссаг æвзаджы фарсмæ иронау дæр фыст цæуой.

Махмæ, Ирыстоны, тынг бирæ куырыхон адæм ис. Бирæ нæм ис, йæ Ирыл, йæ адæмыл зæрдæбынæй чи хъуыды кæны, ахæмтæ. Æхсызгон нын уаид, нæ хистæртæ, рæстæг кæмæн уа, уыдон афæдз иу хатт скъолатæм куы цæуиккой æмæ нæ кæстæрты ирон æгъдæуттимæ, ирон хъомыладимæ куы зонгæ кæниккой. Уыцы куыст ахуыргæнджытæ дæр кæнынц, фæлæ хистæрты ныхæстæ арфдæр айсдзысты сæ зæрдæтæм æмæ сæ цæрæнбонты дæр нал ферох кæндзысты.

Æмбæлон æмвæздыл сæвæрын хъæуы нæ ирон æвзаг нæ Ирыстоны. Сывæллæттимæ фылдæр кусын хъæуы хæдзæртты, рæвдауæндæтты æмæ скъолаты.

Скъоладзаутæм сæ мадæлон æвзаг ахуыр кæнын кæсы тынг зын æмæ сæхи ирон æвзаджы уырыссаг къордтæм æппарынц. Уый, мах, хистæрты рæдыд у. Фæсарæйнаг æвзæгтыл "нæ" цæуылнæ дзурæм? Уый æнæмæнг хъæуы? Æмæ нæ нæ национ æвзаг та нæ хъæуы? Æнæ нæ ирон æвзаг мах чи стæм? Нæ фыдæлтæ нæм ирондзинадæй цы 'рхæццæ кодтой, уый мах дæр нæ кæстæртæм æнæ фехалгæйæ хъуамæ адæттæм. Бахъахъхъæнæм нæ чысыл Ирыстон, не 'взаг, не 'гъдæуттæ, науæд нæ фидæн, нæ сомбон уыдзæн сагъæссаг.

**ГÆБÆРАТЫ Хадизæт,**
**Æрыдоны 3-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг.**

ПРОКУРАТУРА РАЗЪЯСНЯЕТ

# ИНОСТРАННЫЕ СТУДЕНТЫ МОГУТ ВЕСТИ ТРУДОВУЮ ДЕЯТЕЛЬНОСТЬ В РОССИИ БЕЗ РАЗРЕШЕНИЙ НА РАБОТУ

Федеральным законом от 6 февраля 2020 года №16-ФЗ внесены изменения в Федеральный закон "О правовом положении иностранных граждан в Российской Федерации" в части упрощения порядка трудоустройства в РФ обучающихся в российских профессиональных образовательных организациях и образовательных организациях высшего образования иностранных граждан и лиц без гражданства.

Уточнено правовое положение иностранных студентов в России. Иностранцы, обучающиеся по очной форме в российских колледжах и вузах по аккредитованной основной образовательной профпрограмме, теперь могут работать в свободное от учебы время без соответствующих разрешений. Трудовой или гражданско-правовой договор будет расторгаться при завершении (прекращении) обучения.

Закон вступает в силу через 180 дней после его официального опубликования.

# РАЗВЕДЕННЫЕ РОДИТЕЛИ БУДУТ ВМЕСТЕ НЕСТИ РАСХОДЫ ПО ОБЕСПЕЧЕНИЮ РЕБЕНКА ЖИЛЬЕМ

Федеральным законом от 6 февраля 2020 г. №10-ФЗ внесены изменения в статью 86 Семейного кодекса Российской Федерации.

Закон призван защитить жилищные права детей при расторжении брака родителей.

В перечень исключительных обстоятельств, при наличии которых каждый из родителей может быть привлечен судом к участию в несении дополнительных расходов на детей, включено отсутствие пригодного для постоянного проживания жилого помещения. Это позволит суду привлекать родителя, проживающего отдельного от ребенка, к участию в несении дополнительных расходов на обеспечение несовершеннолетнего ребенка жильем.

Настоящий Федеральный закон вступил в силу с 17 февраля 2020 года.

**Марк МАРГИЕВ,**
**старший советник юстиции, прокурор Ардонского района.**

КОНКУРС

**Победителями сразу по пяти проектам стали учащиеся четвертой школы, принявшие участие в конкурсе научно-исследовательских и творческих работ "Старт в науке". Традиционно защита проектов проводится Российской академией естествознания и проходит на базе главного университета страны — МГУ.**

# ИЗ МОСКВЫ — С ПОБЕДОЙ

Ардонские ребята достойно представили нашу республику. Это был для них отличный опыт публичного выступления и обретения новых друзей, общение с которыми дало много интересных моментов и положительных эмоций.

Жюри конкурса отметило высокую подготовку школьников из Осетии. Проект "Конвенция по правам ребенка", над которым работали ученики 9 класса **Константин Цопанов, Камилла Кокаева, Мадина Загалова** под руководством учителя истории и обществознания **Ольги Родионовой,** вызвал обсуждение и был признан состоявшимся и полезным. "Эта загадочное число 13" — тема, которую выбрали для основы проекта **Елизавета Елбакидзе** и **Лана Плиева**, и работали над ней вместе с учителем алгебры и геометрии **Лаурой Баскаевой**. Следует отметить, что второй год подряд первые места в конкурсе "Старт в науке " занимает группа учащихся этих руководителей.




В число лучших вошли проекты "Спорные вопросы истории Отечественной войны 1812-го года" **Тибилов Арсен**, 8 "а" и "Старинные меры длины" — **Дарья Родионова**, 2 "б" класс.

С восхищением жюри слушало юного участника конкурса **Азамата Баскаева**, который с успехом защитил проект "Эти красивейшие водопады Осетии", руководитель — **Оксана Мамаева**.

В столице России наши школьники не только занимались научной деятельностью, но и с пользой провели время в экскурсиях по Москве. Ребята посетили праздничное богослужение в храме Василия Блаженного и с благоговением приложились к мощам праведной старицы Матроны Московской, побывали в Третьяковской галерее, археологическом музее и семьи Романовых, парке "Зарядье", мавзолее и на Красной площади. Так они посчитали своим долгом проведать детей в Московском онкологическом центре.

Все конкурсанты получили грамоты "Надежды Российской науки" и "Лучший докладчик", дипломы победителей конкурса, а руководителям вручили медали имени **Исаака Ньютона** (Лаура Баскаева) и медаль **Сократа** (Оксана Мамаева). Особой награды — "Орден Александра Великого за научные победы и свершения", была удостоена Ольга Родионова за значительный вклад в развитие мировой науки.

Педагоги и родители благодарят всех, кто помог в организации поездки.

**Ирина ДЗУГКОЕВА.**

ПАМЯТКА

# БУДЬТЕ БДИТЕЛЬНЫ!

**Уважаемые граждане!**

Чтобы не стать жертвой преступления, предлагаем учесть следующие рекомендации:

Остерегайтесь мошенников! Злоумышленники применяют различные способы выманивания денежных средств у населения, в том числе через услугу "Мобильный банк" и посредством размещения ложных сведений о продаже имущества и предоставления различных услуг на сайте частных объявлений. Никогда не соглашайтесь на перечисление предоплаты за выбранный в сети интернет товар или предоставляемую услугу, если даже условия совершения покупки очень заманчивые.

**Внимание!**

Мошенники могут использовать для выманивания один из нижеперечисленных способов:

- вам под видом работника банка (посредством SMS-сообщения или телефонного звонка) сообщают, что ваша карта заблокирована и для ее разблокирования необходимо сообщить ее номер и пароль либо набрать комбинацию цифр в банкомате;
- при обнаружении попыток несанкционированного доступа к управлению вашими счетами и банковскими картами через интернет, незамедлительно сообщите об этом банку по телефону "Горячей линии" или обратитесь в ближайший офис;
- вам звонят и представляются сотрудником правоохранительных органов либо должностным лицом и сообщают, что ваш родственник попал в ДТП, совершил преступление, находится в больнице и т.п. и за него необходимо заплатить штраф, внести залог, откупиться.

В этом случае задайте звонящему наводящие вопросы о своем родственнике, который, якобы, попал в беду, попытайтесь сразу связаться с самим родственником.

Если вы стали жертвой мошенников, то просим вас незамедлительно обращаться в полицию по телефонам: **"02", "102"** с мобильного телефона либо в единую дежурно-диспетчерскую службу на номер **"112"**.

# ЭлиКам

➔ ОКНА и ДВЕРИ из ПВХ
➔ РАССРОЧКА на 5 месяцев
➔ ГАРАНТИЯ. КАЧЕСТВО

**Тел. 8-928-070-94-77.**

**КРЕДИТ** в ОТП Банке




# Окна "ЛЮКС"

**ПЛАСТИКОВЫЕ ОКНА И ДВЕРИ**

из немецкого 4-камерного профиля "Провин". Фурнитура "Зигения".
На каждое 2-е окно — м/с в подарок.
Гарантия качества. Низкие цены. Рассрочка.
Срок изготовления — 5 дней.
Энергосберегающие стеклопакеты.

**Тел. 8-928-864-74-15, Олег (Ардон), 8-928-938-58-78, Тимур.**

**Строительство и ремонт частных и социальных объектов**



8(928)-070-06-19
soc_stroy_dom


# Чай, чай, выручай!

***История чая насчитывает не одно тысячелетие. Сколько существует прекрасных мифов об этом напитке! А иногда и довольно кровавых легенд...***

*Это надо знать*



Например, в древнем китайском предании один буддийский монах совершил тяжкий проступок: во время молитвы заснул в храме! А проснувшись, в негодовании отрезал себе веки и бросил их на землю. Через некоторое время на этом месте выросли темно-зеленые кусты... Монах подивился чуду и сорвав несколько листьев неведомого растения, заварил их кипятком. Отведав напиток, он почувствовал необыкновенную бодрость и поспешил рассказать о своем открытии собратьям. Так началась история чая...

Чай, настоящий и натуральный, всегда полезен. А зеленый полезен вдвойне! Это не только великолепный тонизирующий напиток, но и отличное профилактическое средство против заболеваний эндокринной и сердечно-сосудистой систем, атеросклероза... Его прописывают тем, кто страдает заболеваниями печени и почек. А еще он благотворно влияет на работу центральной нервной системы, помогает справиться со стрессами и способствует очищению всего организма. Благодаря сильнейшим антиоксидантным свойствам и обилию полезных веществ зеленый чай также является ценным косметическим ингредиентом. Он содержит рекордное количество антиоксидантов и сильнейших биостимуляторов.

Представьте: в зеленом чае содержится несколько сотен (!) полезных веществ, включая ценные аминокислоты, белки, дубильные вещества, ферменты и практически все известные науке витамины. Причем витамина Р в составе зеленого чая в несколько раз больше, чем в цитрусовых, а по содержанию провитамина А листья зеленого чая превосходят морковь. Богат этот волшебный напиток и витаминами группы В, а также С и Е.

Экстракт зеленого чая обладает выраженными и антибактериальными свойствами, успокаивает и заживляет поврежденную кожу, нормализует обменные процессы в тканях, способствует очищению кожи и сужению пор, улучшению цвета лица. Также зеленый чай устраняет покраснения и раздражения, чрезмерную жирность и блеск. Зеленый чай улучшает циркуляцию крови и лимфы, укрепляет стенки сосудов, а также выводит из организма шлаки и токсины. Помимо этого, экстракт зеленого чая позитивно действует на структуру кожи, разглаживая и смягчая ее.


# НАТЯЖНЫЕ ПОТОЛКИ

(Бельгия) от 300 р./м$^2$

**Тел. 8-960-403-76-56, Марат. www.potolki-ihtus.ru**

# НАТЯЖНЫЕ ПОТОЛКИ

(Германия) от 300 р./м$^2$

**Тел. 8-928-938-34-48, Олег.**

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО**

гробы, венки, накидки, одежда, оркестр, дудук, катафалк, палатки, копка могил, блоки-плиты (бесплатная доставка) по низким ценам в г. Ардоне и районе. Перевозка тел умерших.
ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.
*Звонить по тел. 8-928-933-42-32.*

Ардон. Виталик.

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО**

доставка гробов, плиты, блоки, венки.
Возможна оплата после похорон. **ПАМЯТНИКИ**
ТЦ "Омега" (район АКЗ, во дворе).
*Тел. 8-918-820-22-45, 8-989-135-40-98, Сослан.*

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ**

24 часа

ВЫЕЗД ОПЫТНЫХ СПЕЦИАЛИСТОВ НА ДОМ,ТУАЛЕТНАЯ ОБРАБОТКА, ОДЕВАНИЕ.
Гробы, венки, накидки. Похоронная музыка, копка могилы, блоки и надгробные плиты, катафалк.
Перевозка умерших по России и СНГ. **НЕДОРОГО.**
*Тел. 8-928-686-27-45, Виктор.*

**БАЛЬЗАМИРОВАНИЕ КРУГЛОСУТОЧНО**

гробы, венки, накидки, одежда, траурная музыка, палатки, копка могил, блоки, катафалк. Бесплатная доставка по Ардонскому району.
ВОЗМОЖНА ОПЛАТА ПОСЛЕ ПОХОРОН.
г. Ардон, ул. Алагирская, 52.
*Тел. 8-903-483-41-64, Олег.*


***Дорогие наши сотрудницы!***

*Примите самые искренние поздравления с чудесным весенним праздником — 8 Марта!*

*Пусть сбываются все надежды и мечты, пусть каждый день будет озарен счастливой улыбкой, а вместе с ароматом весенних цветов в вашу жизнь войдут радость и благополучие!*

*Желаем вам доброго здоровья, любви, поддержки близких! Пусть взаимопонимание и согласие, спокойствие и радость всегда сопутствуют вам!*

***Мужская половина коллектива МУП "АРИС".***




# НОВЫЙ номер ТАКСИ 9-99-99

**УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ г. АРДОНА,**
**теперь для вашего удобства**

- для вызова такси с домашних телефонов г. Ардона
*(как на обычный домашний телефон г. Ардона)*
*набираем → **9-99-99***

- для вызова такси с мобильных телефонов
*набираем → 886732 **9-99-99***

**ООО "Кейтеринг-Бавария" предлагает организацию и проведение мероприятий на любой вкус и по любому поводу!**

*Профессиональные повара и официанты, внимательное обслуживание, разнообразие блюд и напитков, красивое оформление и сервировка сделают любое событие незабываемым!*

Обращаться по тел.: **8 (8672) 76-78-26; 8 (905) 488-70-07**


## РАЗНОЕ

**Кладка** тротуарной плитки, кафеля. Звонить на ватцап **8-969-675-32-68**

* * *

**Крыша дома твоего.** Замер, квалифицированная установка. Доставка, кровельные материалы по ценам завода-изготовителя.
**Тел. 8-928-483-43-00, 8-989-135-60-90**

* * *

**Вспашка** огородов мотоблоком.
**Тел. 8-928-861-11-32, Аслан**

* * *

**Побелка,** покраска, генеральная уборка домов. **Тел. 8-918-834-17-60, 8-960-400-44-37**

* * *

**Принимаем** заказы на изготовление памятников и плит. В большом ассортименте плитка.
**Тел. 8-962-745-94-00, Заур**

## ПРОДАЕТСЯ

Срочно **дом** в районе СОШ №3.
**Тел. 8-989-135-36-78**

* * *

Срочно **з/участок по ул. Северной, 96** в 6 соток, **дом** или **меняется** на а/м. **Ул. Островского, 3"з".**
**Тел. 96-2-58, 8-962-746-44-33, 8-989-133-20-71**

* * *

**Реализуем** семена кукурузы Краснодарской селекции: 291 мВ -70 т. ед. 1 п. ед., 291 мВ-89 тыс. ед. 25 кг —1 мешок, 385 мВ-89 тыс. ед. 25 кг — 1 мешок. Минеральные удобрения "Росташ". **Тел. 8-928-489-26-24.**

* * *

**Сено** в тюках, горное зеленое — 170 руб. **Тел. 8-928-483-40-51**

* * *

**Корова** с теленком (1-й отел), а/м "ГАЗ-2410-Волга", сено в тюках.
**Тел. 8-928-685-21-59**

* * *

**Бычки** на убой.
**Тел. 8-928-068-10-42**

* * *

**Стельная** корова молочной породы (5-й отел). Цена — 60 тыс. руб.
**Тел. 8-928-488-69-57**

* * *

**Приватизированный** з/участок в 10 сот. **Ул. Чкалова.**
**Тел. 8-928-235-29-41**

## РАЗНОЕ

ООО "Артель" **требуются:** грузчики, уборщица.
**Тел. 3-19-93, 8-928-858-54-86**

* * *

**Сдается** квартира.
Тел. 8-988-837-90-12

* * *

**Нашедшего** золотую серьгу с бриллиантами просим вернуть за вознаграждение.
**Тел. 8-928-860-29-79**


# ПРОКАТ

ПАЛАТОК И СТОЛОВ
АГТÆ, АРЫНГТÆ
ОФОРМЛЕНИЕ СВАДЕБ И ТОРЖЕСТВ.
**Тел. 8-919-424-77-50.**

# ТАКСИ 3-05-05

*Услуга — доставка-"трезвый" водитель.*

# ПРОКАТ

- НОВЫХ ПАЛАТОК
- СТОЛЫ И СТУЛЬЯ
- КОТЛЫ

УСТАНОВКА БЕСПЛАТНАЯ.
*Тел. 8-928-855-77-44.*

# ПРОКАТ

**НОВЫХ ПАЛАТОК**
Свадебные и обычные.
АВТОХОЛОДИЛЬНИК
**Тел. 8-989-130-02-37.**


Коллектив ООО "Газпром Газораспределение Владикавказ" в г. Ардоне выражает глубокое соболезнование Аслану Царукаеву по поводу кончины отца

**ЦАРУКАЕВА**
**Тотраза Таймуразовича.**
Зиан рухсаг уæд.

Коллектив Рассветской школы-сада скорбит по поводу кончины

**КАДЗАЕВОЙ-ТОТИЕВОЙ**
**Азы Федоровны.**

Коллектив ООО "Артель" выражает глубокое соболезнование Л.А.Федоровой по поводу кончины

**матери.**


РЦИ-Аланийы Æрыдоны районы газет. Газета Ардонского района РСО-Алания. Основана в 1939 году.

Рухс
свет

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация местного самоуправления Ардонского района РСО-Алания

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО—Алания
Регистрационный номер — ПИ № ТУ 15—00073 от 18 июня 2012 года как информационная, рекламная.

**Цена свободная**

Главный редактор: 3-02-60.
Ответственный секретарь: 3-02-63.
Бухгалтерия и рекламный отдел: 3-02-61 (факс)

**E-mail:** ardonruhsh@mail.ru
**Сайт:** www.ardon15.ru

Печать офсетная.
**Тираж 2881 экз.**
**Заказ № 317**
**Объем — 1 п. л.**
**Индекс издания 53910**



Использование материалов и фото допускается только с письменного разрешения редакции.
При перепечатке ссылка на газету обязательна.
Рукописи не возвращаются и не рецензируются.
Редакция не несет ответственность за достоверность содержания рекламы, объявлений, публикаций на коммерческой основе и сторонних авторов.



Газета выходит 3 раза в неделю на русском и осетинском языках.

**АДРЕС РЕДАКЦИИ: 363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 13.**

**АДРЕС ИЗДАТЕЛЯ:**
363332 РСО-А, г. Ардон, ул. Советов, 6, АМС Ардонского района РСО-Алания

**АДРЕС ТИПОГРАФИИ:**
362015 РСО-Алания, г.Владикавказ, пр. Коста, 11
АО "Осетия-Полиграфсервис"

НОМЕР ПОДПИСАН В ПЕЧАТЬ
по графику — в 16.30
фактически — в 16.30.

**ИНЖЕНЕРЫ-ДИЗАЙНЕРЫ**
Л.Р. Гугкаева
З.М. Кортиева
Ю.В.Певная
**КОРРЕКТОР**
Р.Х.Сохиева
**ОТВЕТСТВЕННЫЙ СЕКРЕТАРЬ**
А.Г.Бязырова
**ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР**
М.М. БУГУЛОВА

**(6+)**